



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 10 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON ENVESTISMAN PIBLIK-PRIVE \$1,5 MILYA 'NANO UTICA' KI PRAL FÈ MOHAWK VALLEY VIN PWOCHEN GWO SANT RECHÈCH NANOTEK NAN NEW YORK**

***Investiman prensipal konpayi teknoloji yo pral kreye 1.000 nouvo dyòb, fòm konsòsyòm komèsyalizasyon pis enfòmatic pou lanse Nano Utica kap konstwi nan SUNYIT***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sis konpayi teknoloji mondyal byen klase pral investi 1,5 milya pou kreye 'Nano Utica,' dezyèm gwo sant rechèch ak devlopman nanoteknoloji eta a. Patenarya piblik-prive a, kap gen alatèt li SUNY College of Nanoscale Science and Engineering (SUNY CNSE) ak SUNY Institute of Technology (SUNYIT), pral kreye plis pase 1.000 nouvo dyòb teknoloji avanse sou kanpis SUNYIT la nan Marcy.

Konsòsyòm prensipal konpayi teknoloji mondyal yo ki pral kreye Nano Utica gen alatèt li Advanced Nanotechnology Solutions Incorporated (ANSI), SEMATECH, Atotech, ak SEMATECH ak konpayi asosye CNSE yo, tankou IBM, Lam Research ak Tokyo Electron. Konsòsyòm lan pral gen syèj sosyal li nan CNSE-SUNYIT Computer Chip Commercialization Center an, epi pral chita sou rechèch ak devlopman kap fèt kounye a nan ANSI, SEMATECH, ak patenè sektè prive yo nan kanpis SUNY CNSE a nan Albany, pou kore plis repitasyon entènasyonal New York kòm pi gwo sant pou inovasyon nanoteknoloji 21<sup>yèm</sup> syèk, edikasyon ak devlopman ekonomik.

“Ak anons jodi a, New York ap repwodi kokenn siksè College of Nanoscale Science and Engineering Albany a isit nan Utica epi ap fè wout pou plis pase yon milya dola sou fòm investisman prive ak kreyasyon plis pase 1.000 nouvo dyòb, “ te deklare Gouvènè Cuomo. “Nouvo enstalasyon Nano Utica yo pral sèvi kòm sal blanch ak sant rechèch pou Nano Utica ak manm li yo ki ka pwofite pou pran fòmasyon an isit nan SUNYIT ak mendèv lokal la, sa kap mete Mohawk Valley sou kat la antanke adrès entènasyonal pou rechèch ak devlopman nanoteknoloji. Patenarya sa montre kijan nouvo New York la ap fè investisman byen etidye pou rantre ekonomi eta nou an nan 21<sup>yèm</sup> syèk la epi pwofite fòs inivèsite nivo mondyal nou yo ak mendèv fòm nou an. “

Konsòsyòm anbwataj pis enfòmatic la pral travay anndan konplèks la kap konstwi sou kanpis SUNYIT la, ki dwe ouvri nan fen lane 2014. Angajman pi gwo konpayi yo pran pou yo loje nan Nano Utica pèmèt

Haitian Creole

enstalasyon \$125 milyon an agrandi pou loje nouvo kolaborasyon an, ak sal blanch, laboratwa modèn, edikasyon sou plas ak enstalasyon pou fòmasyon mendèv, ak biwo entegre ki depase 253.000 pye kare. Sal blanch lan pral premye nan stil sa nan tout peyi a: yon sal blanch 56.000 pye kare ki konstwi sou de nivo, sa ki bay plis pase senk fwa espas ki te previ anvan sa. Pou sipòte pwojè a, Eta New York pral investi \$200 milyon sou dizan pou achte nouvo ekipman pou ekipman pou enstalasyon Nano Utica a; ankenn konpayi prive pa pral resevwa ankenn lajan eta a nan kad inisyativ sa.

Rechèch ak devlopman ki pral fèt yo gen ladann anbwataj pis enfòmatrik ak devlopman ak komèsyalizasyon litografi. Inovasyon sistèm sou pis sa yo pral pote yon seri nouvo teknoloji ak pwodui sou mache konsomasyon ak komèsyal yo, tankou telefòn entelijan, tablèt, ak laptop; sistèm 3D pou jwèt; sèvis enfòmatrik sekirize ak sipè rapid ak sistèm IT; ak teknoloji kaptè pou swen sante kap parèt, enèji pwòp ak aplikasyon anviwonman.

Nan kad travay eta a pou fè pwomosyon devlopman ekonomik ki chita sou inovasyon, inisyativ la pral founi nouvo momantòm pou devlopman sit fabrikasyon Marcy Nanocenter nan vwazinaj la. CNSE ap travay ak Mohawk Valley EDGE pou mennen devlopman sit la, ki gen kapasite pou l sipòte konstwisyon pis enfòmatrik 450mm.

Nan kad inisyativ la, SEMATECH, ki ap selebre 25<sup>yèm</sup> anivèsè li kòm yon lidè nan sektè a, pral ogmante aktivite kolaborasyon rechèch ak devlopman li yo nan tèt ansanm ak CNSE. Efò sa yo pral vize domèn nonoelektwonik pi modèn yo, tankou litografi avanse, anbalaj 3D, ak teknoloji metwoloji ki enpòtan anpil nan aktive pis enfòmatrik pi piti, pi rapid ak pi pisan kap rale prèske tout endistri.

Grasa mache pou telefòn entelijan, tablèt ak lòt aparèy mobil kap eksploze yo, anbwataj pis enfòmatrik vin yon faktè enpòtan anpil nan rale inovasyon deplizanpli nan solidite teknoloji pis enfòmatrik nan prèske tout endistri. Devlopman pis pi rapid, pi pisan chita non sèlman sou rediksyon dimansyon sikui yo— men tou sou amelyorasyon teknoloji anbwataj la ki refere nan kondiktè ki konekte sikui yo, bay kouran, epi dechaje chalè pou kenbe yo ap mache kòm sa dwa.

Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, Jr. te di konsa, “Ak anons jodi a, nou se temwen yon lòt pati nan transfòmasyon ekonomi peyi nou an. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo ansanm ak patenary li te kreye pou fè jounen jodi a vin yon reyalyte, no pral kòmanse wè kwasans ekonomik toutotou nou. Konte Oneida ak rejyon sa pral yon gwo sant pou inovasyon nanoteknoloji 21yèm syèk. Gen lontan m ap di teknoloji sa, grasa konpayi isit yo jounen jodi a ak inivèsite nivo mondyal nou yo tankou CNSE ak SUNY IT, pral fè wout pou revitalizasyon nou. Plis pase 1.000 dyòb teknoloji avanse. Investisman prive \$1,5 milya. Investisman \$200 milyon ki sot nan Eta a. Se yon jounen istorik Eta New York, Mohawk Valley ak Konte Oneida tap tann lan epi yo merite a.”

Senatè Joseph A. Griffo te di konsa, “Patenarya piblik-prive sa make yon pa enpòtan vè lavni, pa sèlman pou SUNYIT ak rechèch nanoteknoloji, men pou rejyon Mohawk Valley a anjeneral. Pote dyòb teknoloji avanse ak nouvo investisman sektè prive se yon bèl fason pou stimile ekonomi lokal la, epi m ap remèsye Gouvènè a pou travay li fè pou rann patenarya sa posib.”

Haitian Creole

Manm Asanble Anthony J. Brindisi, “Devouman pèmanan Gouvènè Cuomo pou l fòme patenarya solid ak inovatè piblik-prive vital pou travay li pou transfòme ekonomi Eta a. Pwojè “Nano Utica “ a pral non sèlman bay Mohawk Valley yon boustè ekonomik ki nesèsè anpil ak kreyasyon plis pase 1.000 dyòb, pwojè a angwo, ak kolaborasyon SUNYIT, pral ede New York konsolide plas lidè ak envantè li nan epòkj teknoloji sa. “

Hector Ruiz, Prezidan Advanced Nanotechnology Solutions, Inc., te di konsa, “Kolèg mwen yo nan Advanced Nano ak mwen ap travay pou kreye teknoloji revolisyonè, epi nou pa ka jwenn yon pi bon kote pou pote investisman ak dyòb pase New York. Nou tap chèche nan tout peyi a, ak nan lemonn, epi se la nou te jwenn talan, entelijans ak lidèchip ki pou ede nou revolisyone teknoloji nanoscale, atravè semikondiktè ak tout bagay yo power. “

Dan Armbrust, prezidan ak Direktè Jeneral SEMATECH, te di konsa, “New York State, ki gen alatèt li Andrew Cuomo, montre yon lòt fwa ankò lidèchip mondyal ak angajman manch long ki nesèsè pou atire inovasyon ak kreye yon ekosistèm rejyonal konplè kap konekte rechèch, devlopman ak fabrikasyon. Patenarya manch long SEMATECH ak NYS ak SUNY College of Nanoscale Science and Engineering pèmèt nou ofri kapasite teknoloji avanse modèn ki pral sèvi bezwen enpòtan manm nou yo. Nou kontan anpil anpil dèske n ap pote kontribisyon vital nan devlopman sèn teknoloji nan New York. “

Doktè Jaga Jagannathan, Vis Prezidan, Semiconductors, Atotech USA, te di konsa, “N ap di Gouvènè Andrew Cuomo mèsè pou lidèchip ak sipò li, epi nou kontan anpil pou n asosye ak CNSE ak kolèg nou yo nan sektè a nan kad konsòsyòm nivo mondyal sa. Kolaborasyon sa pral jwe yon wòl ki gen yon enpòtans kapital pou pwogrè teknoloji semikondiktè nouvel jenerasyon yo, epi Atotech kontan pote kapasite san parèy li yo nan kad efò revolisyonè sa. “

Rektè SUNY, Nancy L. Zimpher, te di konsa, “Gouvènè Cuomo pozisyon New York ak rezo inivèsite piblik li yo pou mennen mond lan nan inovasyon nanoteknoloji kap kreye dyòb epi kore ekonomi nou an. Nouvo investisman sa nan Utica pral ede CNSE-SUNYIT Computer Chip Commercialization Center a pote meyè konpayi yo nan Mohawk Valley epi pote pwodui kap chanje lavi moun sou mache a. “

Vis-Prezidan ak Direktè Jeneral CNSE, Dr. Alain E. Kaloyeros te di konsa, “Ak anons sa, Gouvènè Andrew Cuomo kontiney ekri nouvo strateji sou jan biznis ak teknoloji katalize nan ekonomi ki chita sou inovasyon 21<sup>yèm</sup> syèk lan. Konstwi sou nouvo modèl Gouvènè a pou patenarya piblik-prive tou louvri pou piblik la, inisyativ sa ranfòse plis repitasyon New York kòm sant mondyal la pou endistri nanoteknoloji a. Menm jan tou, li pèmèt rechèch ak devlopman modèn sèvi bezwen endisri a pandan lap kreye byen solid eta a kòm yon leman pou atire dyòb teknoloji avanse, konpayi ak investisman prive san parèy ki pral benefisye Mohawk Valley ak tout Nouyòkè. “

Terry Higashi, Prezidan Konsèy, Prezidan ak Direktè Jeneral Tokyo Electron Limited, te di konsa, Antanke yon asosye depi lontan College of Nanoscale Science and Engineering, ak yon veritab kwayan nan vizyon Gouvènè Andrew Cuomo pou sektè nanoteknoloji New York la, nou kontan anpil pou n tande premye

Haitian Creole

konsòmsyòm stil sa ki pral dirije sektè a nan teknoloji semikondiktè avanse. Pandan nap travay nan tèt ansanm ak CNSE ak asosye nou yo nan sektè a, nou espere kontinye sipòte inovasyon pèmanan ki pral nan benefis kliyan nou yo ak endistri semikondiktè a. “

Martin Anstice, Prezidan ak Direktè Jeneral Lam Research, te di konsa, “Konsòsyòm sa se yon temwayaj lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo nan konstwi yon endistri semikondiktè nan New York. Inovasyon yo ki pral soti nan tèt ansanm sa, sou baz patenarya nou ak College of Nanoscale Science and Engineering, pral ofri nouvo opòtinite konpayi nou an ak endistri a anjeneral. “

Mike Splinter, prezidan egzekitif Applied Materials, Inc., te di konsa, “Applied Materials felisite lidèchip New York nan devlopman yon ekosistèm teknoloji avanse dinamik epi nou kontan benefisye dènye investisman sa pou devlope endistri semikondiktè a isit la. “

Prezidan Mohawk Valley EDGE la, Steve DiMeo, te di konsa, “Moman kapital ki chanje istwa Mohawk Valley a te konstwiksyon Kanal Erie a, desizyon an nan lane 1951 pou transfere pèsònèl soti nan Watson Laboratories nan New Jersey nan sa ki rele Rome Air Development Center a epi anons Gouvènè Cuomo fè sou konsòsyòm jodi a pral konsantre l sou anbwataj ak teknoloji sistèm sou pis isit nan Nano Utica. Anons jodi a vini apre anons enteresan CNSE te fè li pral agrandi lokal G450 PILOT li a ak plan pou l konstwi yon kanpis semikondiktè 450 MM aktive isit nan SUNYIT pou ede tranzisyon aktivite R&D nan opòtinite fabrikasyon avanse epi valide yon pati enpòtan strateji Gouvènè Cuomo a pou enfliyanse kolèj ak inivèsite nou yo pou yo vin motè opòtinite ekonomik. Sa kap fèt isit nan SUNYIT a refle nan anpil aspè modèl ki itilize nan Palo Alto kote atou fizik nan Stanford University te itilize pou konstwi sa ki vin jodi a Silicon Valley. “

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418